



Pou Piblikasyon Imedya: 19/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 16.5 MILYON DOLA KOUNYE A DISPONIB POU  
DEKABONIZE LOJMAN ABÒDAB NAN VIL NEW YORK**

***Patenarya Eta a ak Vil la elaji gras ak Inisyativ Dekarbonizasyon Rezistan ak Ekitab  
pou Pwogram Bilding ki Egziste Deja***

***Investisman elaji amelyorasyon efikasite elektrisite ak enèji pou benefisye plis  
rezidan ki gen revni ki ba ak modere***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 16.5 milyon dola disponib kounye a pou dekarbonize ak amelyore lojman abòdab ki egziste deja nan Vil New York atravè Pwogram Inisyativ Dekarbonizasyon Rezistan ak Ekitab (Resilient and Equitable Decarbonization Initiative, REDi: EB) pou Bilding ki Egziste Deja. Finansman an se yon agrandisman yon patenarya kolaboratif ant Eta New York ak Vil New York pou bay pwopriyetè bilding ak devlopè yo lojman abòdab ak aksè ki pi fasil ak finansman pou modènizasyon elektrifikasyon ak efikasite enèji nan bilding reglemante pa Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman (Housing Preservation and Development, HPD) Vil New York. Modènize bilding HPD an espas vivab ki trè efikas pral ede diminye itilizasyon konbistib fosil yo, diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè andedan kay la pou rezidan ki gen revni ba oswa modere yo.

"An patenarya ak Vil New York, n ap avanse finansman pou redwi emisyon bilding yo epi atake kriz klimatik la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "N ap asire devlopè yo ak pwopriyetè bilding yo gen aksè ak resous yo bezwen pou modènize lojman abòdab yon fason pou nou ka dekarbonize bilding yo nan kominote ki pa gen ase sèvis yo."

Avèk anons jodi a, 15 milyon dola disponib kounye a atravè [REDi: EB](#), ke HPD administre an patenarya ak Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), sou yon baz premye vini, premye sèvi pou kouvri depans sipleman yo pou elektrifye yon fason estratejik chofaj espas ak pwodiksyon dlo cho domestik ak amelyore anvlòp bilding lan atravè izolasyon, fenèt, ak sistèm vantilasyon amelyore. HPD, NYSERDA, ak konsiltan teknik yo pral travay ak ekip pwojè yo pou detèmine yon dimansyon ki pi bon pou chak pwojè. Prim maksimòm lan se 1 milyon dola pou chak bilding oswa jiska 2 milyon dola pou pwojè ki gen plizyè bilding. HPD pral peye fon ankourajman nan pwojè a pandan faz konstriksyon an.

Epitou, 1.5 milyon dola disponib kounye a pou finanse asistans teknik pandan faz konsepsyon, konstriksyon ak apre konstriksyon pou pwojè k ap patisipe nan REDi: EB. Y ap aksepte [aplikasyon](#) jiska **31 desanm 2025**, oswa jiskaske lajan yo fin itilize.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare,** "Inisyativ kolaborasyon NYSERDA ak HPD pral avanse pou sèvi ak teknoloji pwòp ak efikas ki kapab repwodui pou redwi itilizasyon enèji ak anprent kabòn bilding pou plizyè fanmi yo. Finansman sa a non sèlman ede elaji aksè ak anviwònman vivab, pwòp, konfòtab ak an sante pou moun ki nan Vil New York men li pral ede ranfòse rezistans bilding sa yo pou reziste kont enpak chanjman klimatik pou ane k ap vini yo."

**Adolfo Carrión Jr., Komisè Depatman Prezèvasyon ak Konstriksyon Lojman Vil New York, te deklare,** "REDi make yon moman enpòtan nan misyon nou pou konfwonte chanjman klimatik pandan n ap asire aksè jis ak lojman dirab ak abòdab. Chanjman klimatik pral touche chak kwen nan vil nou an men yo pral santi enpak yo pi pwofondman pa Nouyòkè ki pi vilnerab yo. Se enperatif moral nou pou kreye plis pratik dirab pandan n ap rete konsantre sou kreye ak prezève lojman abòdab. Jodi a, n ap chanje non sèlman fason nou finanse konstriksyon lojman dirab, men tou n ap redefini wòl esansyèl lojman an jwe nan batay kolektif nou kont chanjman klimatik la."

Inisyativ sa a fè pati [Inisyativ Dekabonizasyon Rezistan ak Ekitab \(REDi\)](#) global HPD a, yon pwogram dekabonizasyon lojman alontèm ki konsolide plizyè pwogram finansman ak sipò teknik aktyèl ak alavni nan kad yon sèl ejiid jiska 2030. Anons jodi a bati tou sou [24 milyon dola pou Pwogram Pilòt Renovasyon Elektrifikasyon HPD-NYSERDA](#) ki te lanse an 2021, ki te finanse modènizasyon elèktrifikasyon nan 17 bilding k ap sèvi plis pase 600 kay, ak plizyè santèn kay adisyonèl nan filyè pwogram pilòt la. Anplis de sa, 50 pousan nan pwojè sa yo sitiye nan kominote defavorize yo. Alafwa pwogram Pilòt la ak REDi: EB sa a sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominote (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) Eta a pou redwi emisyon gaz ki lakoz efè sè a 85 pousan disi 2050, epi asire omwen 35 pousan, ak yon objektif 40 pousan, nan benefis ki soti nan envèstisman yo dwe ale nan kominote defavorize yo. Pou plis enfòmasyon sou HPD epi pou w enskri pou resevwa notifikasyon konsènan inisyativ sa a, tanpri vizite [sit entènèt](#) HPD a.

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare** "Genyen anpil done ki pwouve ke bilding rezidansyèl yo – sitou ansyen bilding yo – pa efikas ditou an enèji epi yo se gwo pwodikte gaz ki lakòz efè sè. Patenarya sa a ant vil la ak NYSERDA Gouvènè Hochul konplete Inisyativ Enèji Pwòp nan tout eta a pou enkòpore ankourajman ak sipò teknik pou lojman abòdab ki trè efikas, ki totalman elektrik. Kounye a HPD gen resous enpòtan pou ede restore ak modènize estòk lojman yo sipèvize a, ak avantaj doub pou pwolonje lavi bilding yo pandan y ap amelyore kondisyon anviwònman andedan kay la ak nan katye ki antoure a, epi asire rezidan yo viv nan yon anviwonman ki pi pwòp epi ki pi an sante."

**Senatè Eta a Kevin Parker te deklare,** "Pandan n ap kontinye pwogrese nan direksyon objektif CLCPA a, nou dwe priorize dekarbonizasyon estòk lojman ki egziste deja. Mwen bat bravo pou NYSERDA ak Vil New York paske yo bay sipò sa a pou sektè lojman abòdab."

**Manm Asanble Didi Barrett te deklare,** "Anons jodi a sou 16.5 milyon dola nan finansman pou dekarbonize inite lojman abòdab nan Vil New York se yon bon nouvèl. Pandan n ap kontinye ak tranzisyon enèji pwòp nou an, li enpòtan pou nou asire okenn Nouyòkè pa rete deyè. Mwen espere wè pwogram tankou sa a elaji pou bay finansman pou lojman abòdab atravè rès eta a tou."

**Jolie Milstein, ki se Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Asosyasyon Lojman Abòdab Eta New York la (New York State Association for Affordable Housing, NYSFAH), te deklare,** "Dekarbonize lojman abòdab esansyèl pou atenn objektif klima anbisye ak enèji pwòp – patikilyèman nan yon anviwonman iben dans tankou Vil New York, kote anviwonman ki bati a responsab de tyè emisyon an jeneral. Pwogram Inisyativ Dekarbonizasyon Rezistan ak Ekitab pou Bilding ki egziste deja yo pral bay devlopè resous enpòtan pou elaji amelyorasyon esansyèl nan efikasite enèji nan bilding ki egziste yo epi ede diminye anprent kabòn jeneral vil la pandan y ap abòde tou kriz lojman abòdab. NYSFAH remèsye lidè Vil ak Eta yo pou angajman kontinyèl yo pou yo investi nan kay ki pi pwòp, ki pi ekolojik, ak pi an sante nan katye yo atravè senk minisipalite yo."

**Samantha Wilt, Direktris Politik Konsèy Defans Resous Natirèl nan New York pou Klima & Enèji, te deklare,** "Renovasyon dekarbonizasyon ka transfòme lojman abòdab ki egziste deja nan Vil New York. Fon NYSERDA ki investi nan lojman abòdab pral amelyore kalite lè a epi pwoteje sante piblik pou kèk nan kominote ki pi vilnerab nou yo. Avèk nouvo fliks finansman sa a, eta a pral bay plis aparèy ki totalman elektrik ak amelyorasyon efikasite enèji pou vin pi pre objektif klimatik li yo."

**Prezidan Konsèy Lojman ak Bilding Vil New York la, Pierina Sanchez te deklare,** "Dekarbonize lojman abòdab esansyèl pou atenn objektif klima anbisye ak enèji pwòp – patikilyèman nan yon anviwonman iben dans tankou Vil New York, kote anviwonman ki bati a responsab de tyè emisyon an jeneral. Pwogram Inisyativ Dekarbonizasyon Rezistan ak Ekitab pou Bilding ki egziste deja yo pral bay devlopè resous enpòtan pou elaji amelyorasyon esansyèl nan efikasite enèji nan bilding ki egziste yo epi ede diminye anprent kabòn jeneral vil la pandan y ap abòde tou kriz lojman abòdab. NYSFAH remèsye lidè Vil ak Eta yo pou angajman kontinyèl yo pou yo investi nan kay ki pi pwòp, ki pi ekolojik, ak pi an sante nan katye yo atravè senk minisipalite yo."

Bilding yo se youn nan sous emisyon gaz ki lakoz efè sè ki pi enpòtan nan Eta New York epi atravè NYSERDA ak pwogram sèvis piblik yo, yo ap investi plis pase 6.8 milya dola pou dekarbonize bilding yo. Lè nou amelyore efikasite enèjetik nan bilding yo ak fè avanse enstalasyon ekipman estokaj, enèji renouvlab ak ekipman rechaj pou veyikil elektik yo sou plas nan tout eta a, Eta a pral redwi polisyon kabòn li epi avanse nan

direksyon sib anbisye pou l redui konsomasyon enèji pa 185 BTU (British thermal units) disi 2025, ki ap ekivalan a alimantasyon 1.8 milyon kay.

Pwogram sa a finanse atravè [Fon Enèji Pwòp \(Clean Energy Fund, CEF\)](#) Eta a.

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York**

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ki pi agresif ak inisyativ enèji pwòp nan peyi a, New York ap avanse yon seri efò – ki gen ladan program Kapital ak Investisman New York Cap-and-Invest, (NYCI) ak lòt politik konplèmantè – pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo a 40 pousan disi 2030 ak 85 pousan disi 2050 konpare ak nivo 1990 yo. New York sou wout pou l reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon an 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwaye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 28 milya dola nan 61 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 170,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2022 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk plis pase 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak plis pase 130 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)